

WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

LACTATION

## ENFÒMASYON POU ANPLWAYE YO

Dwa Anplwaye K Ap Fè Alètman Yo Genyen Pou Yo Ponpe Lèt Nan Tete Yo Nan Travay La

### ANPLWAYE YO GEN DWA POU YO PONPE LÈT NAN TETE YO NAN TRAVAY LA

Seksyon 206-c Lwa Travay Eta Nouyòk la garanti poz pou anplwaye yo ponpe lèt nan tete yo nan travay la.

#### KONPAYI SA KONSÈNE

Lwa sa a aplikab pou tout konpayi piblik ak prive nan Eta Nouyòk, kèlkeswa gwosè l oswa domèn y ap evolye a.

#### KONDISYON POU KONPAYI A VOYE AVI

Tout konpayi gen obligasyon pou yo fè tout anplwaye konnen dwa yo genyen pou yo pran konje ki pa peye pou yo ponpe lèt nan tete yo. Yo dwe di anplwaye yo sa lè y ap anboche yo, e aprèsa, yon fwa chak ane. Epitou konpayi yo dwe raple chak anplwaye dwa sa yo lè l ap retounen travay aprè l fin akouche. Antanke konpayi, ou ka fè anplwaye w yo konn dwa sa yo lè w voye yon imel ki gen règleman Ministè Travay Eta Nouyòk la (NYSDOL) ba yo oswa w ba yo yon kopi ki enprime. Règleman sa a disponib la a [on.ny.gov/breastmilkexpression](https://on.ny.gov/breastmilkexpression). Konpayi yo dwe voye yon mesaj bay tout anplwaye lè yo chwazi yon sal oswa yon lòt kote pou moun ponpe lèt nan tete yo.

#### KONDISYON POU ANPLWAYE VOYE AVI

Anplwaye ki vle ponpe lèt nan tete yo nan travay la dwe fè konpayi y ap travay la konn sa alavans – li t ap pi bon si yo fè sa anvan yo retounen travay sot nan konje matènite. Anplwaye yo dwe ekri konpayi a pou l fè konn sa. Li ka voye demann sa a pa imel, mesaj tèks, lèt papyè oswa nenpòt aplikasyon moun voye mesaj konpayi a abitye sèvi pou voye mesaj kote mesaj yo ap ka konsève. Konpayi yo dwe mande anplwaye yo pou yo mete enfòmasyon ki annapre yo nan avi ekri y ap voye a: kilè yo panse y ap retounen travay, bay detay konsènan konbyen poz yo panse y ap bezwen pandan jounen travay la, ak lè yo ka prefere ponpe lèt nan tete yo. Kou konpayi yo resevwa yon demann, yo dwe reponn anplwaye a pa ekri nan espans senk (5) jou.

#### KANTITE TAN MOUN NAN AP GEN DWA POU L PONPE LÈT NAN TETE L

Yon anplwaye ka pran poz pou l ponpe lèt nan travay la pandan twa lane pou pi plis aprè l fin akouche.

#### KANTITE TAN POZ YO AP DIRE

Konpayi yo dwe bay anplwaye yo omwen 20 minit pou chak poz yo pa peye. Anplwaye yo ka pran poz ki pi kout si yo vle. Anplwaye yo ka gen plis tan si yo bezwen sa.

#### CHAK KILÈ AK ORÈ POZ YO PANDAN JOUNEN TRAVAY LA

Konpayi yo dwe pèmèt anplwaye yo pran poz omwen yon fwa chak twazèdtan pou yo ponpe lèt nan tete yo. Chak anplwaye diferan, e yon konpayi dwe fè aranjman pou reponn ak bezwen yon anplwaye si l bezwen plis poz.

## KONSEKANS POZ YO GENYEN SOU LÒT POZ YO

Si yon anplwaye decide pran poz ki pa peye pou l ponpe lèt nan tete l, antanke konpayi, ou pa ka retire tan sa a nan poz peye oswa poz pou manje anplwaye a abitye pran. Epitou, si yon anplwaye decide sèvi ak poz peye l abitye genyen an, w ap toujou peye l tan sa a, menm si l sèvi avè l pou l ponpe lèt nan tete l. Anplwaye yo ka chwazi tou pou yo pran poz sa yo tousuit anvan oswa apre poz peye oswa poz pou yo manje yo abite pran yo. Pa egzanp, yon anplwaye ka pran 30 minit poz pou l manje epi l pran 20 minit poz pou l ponpe lèt nan tete l tousuit aprè l fin pran poz pou l manje, sa ba l 50 minit antou.

## KONBLE TAN POZ YO

Konpayi yo dwe kite anplwaye yo travay anvan ak aprè orè nòminal li pou l ka konble tan l te pran kòm poz ki pa peye yo pou l ponpe lèt nan tete l, depi lè sa tonbe nan lè nòminal konpayi a fonksyone. Yon anplwaye pa gen obligasyon pou l konble tan sa a.

## PA PEYE POU POZ

Konpayi yo pa oblije peye anplwaye yo pou poz yo pran pou ponpe lèt nan tete yo. Anplwaye yo gen chwa pou yo sèvi ak poz peye yo abitye pran oswa poz pou yo manje a pou yo ponpe lèt nan tete yo, men yo pa gen obligasyon pou yo fè sa. Konpayi yo dwe kontinye peye nenpòt poz yon anplwaye k ap ponpe lèt nan tete l abitye pran. Konpayi yo pa ka mande anplwaye yo pou yo travay pandan y ap ponpe lèt nan tete yo, men, si se yon anplwaye decide fè sa a, ou dwe peye anplwaye a pou tan sa.

## BAY YON KOTE POU MOUN PONPE LÈT NAN TETE YO

Konpayi yo gen obligasyon pou yo bay anplwaye yo yon sal prive oswa lòt kote ki pre kote anplwaye a ap travay la kote yo ka ponpe lèt nan tete yo. Si konpayi a pa ka bay yon sal pou sa, yo ka pran yon sal vid pandan yon tan pou sa. Si pa gen okenn lòt opsyon ditou, yo ka sèvi ak yon kabin, men l dwe byen bare ak yon baraj ki mezire oswa sèt pye. Tanpri gade règleman NYSDOL anrapò ak ponpe lèt nan tete a pou w jwenn plis detay konsènan kondisyon espas la dwe respekte [on.ny.gov/breastmilkexpression](https://www.on.ny.gov/breastmilkexpression). Ou dwe verifye ak Depatman Ki Responsab Règleman Nan Travay NYSDOL la si w panse w pa ka bay okenn kote pou yon anplwaye ponpe lèt nan tete l.

## TWALÈT PA LADAN L

Sal yo bay pou yon anplwaye ponpe lèt nan tete l la pa ka yon kontwa nan twalèt la.

## KONDISYON ANRAPÒ AK KOTE POU SAL LA YE

Kote anplwaye yo ap ponpe lèt nan tete yo a dwe gen yon chèz ak yon ti tab oswa yon lòt espas ki plat, yon priz kouran (si travay la gen kouran), klate natirèl oswa lòt limyè, ak kote anplwaye a ka jwenn dlo pwòp. Si gen yon frijidè, anplwaye yo dwe ka sèvi ak espas la pou yo konsève lèt yo fin ponpe a.

## SAL POU PONPE LÈT LA DWE PRIVE

Sal oswa kote konpayi a bay la pa ka yon kote lòt anplwaye, kliyan, oswa tout moun ka antre pandan yon anplwaye ap ponpe lèt nan tete l. Li dwe gen yon pòt ki ka klete, oswa si se yon kabin, yon siy k ap fè moun konnen gen moun kote a e lòt moun pa ka antre. Si espas la gen fenèt, fenèt sa yo dwe bare.

## DISKRIMINASYON AK REPREZAY ENTÈDI

Konpayi yo pa dwe fè okenn diskriminasyon oswa reprezay sou nenpòt anplwaye ki decide ponpe lèt nan tete yo nan travay la oswa depoze yon plent nan NYSDOL. Ministè a pran akizasyon reprezasyon yo trè oserye e yo mennen ankèt byen rapid.

## FASON YO TRETE PLENT

Nenpòt moun ka depoze yon plent konfidansyèl nan Depatman Ki Responsab Règleman Nan Travay nan NYSDOL pou di lwa sa pa respekte.

## MENM LWA FEDERAL KA

Dènye chanjman ki te fèt nan Lwa Anrapò ak Prensip Ki Jis Nan Twavay La pwoteje dwa manman k ap fè alètman yo genyen pou yo ponpe lèt nan tete yo nan travay la tou. Pou w jwenn plis enfòmasyon, kontakte Depatman Ki Responsab Salè ak Lè nan Travay Nan Etazini nan **1-866-4USWAGE**. Lwa federal PUMP la te vin ofisyèl nan lane 2023, e sa te vin bay tout anplwaye k ap ponpe lèt nan tete yo plis pwoteksyon. Nan kad lwa PUMP lan, nenpòt travayè lwa sa a pwoteje yo pa bay poz ak kote apwopriye pandan yon lane pou pi plis aprè yo fin akouche ka depoze yon plent nan Ministè Travay Etazini oswa rele konpayi y ap travay la nan tribinal. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou [dol.gov/agencies/whd/pump-at-work](https://dol.gov/agencies/whd/pump-at-work).

## LÒT ENFÒMASYON

NYSDOL soti yon règleman anrapò ak dwa anplwaye yo genyen ponpe lèt nan tete yo nan espas travay la. Règleman sa a, konpayi yo dwe bay tout anplwaye yo, disponib sou entènèt sou [on.ny.gov/breastmilkexpression](https://on.ny.gov/breastmilkexpression). Epitou, ou ka rete NYSDOL nan **1-888-52-LABOR**, voye yon imel bay NYSDOL nan [LSAsk@labor.ny.gov](mailto:LSAsk@labor.ny.gov), oswa vin nan biwo Depatman Ki Responsab Règleman Nan Travay ki pi pre w la pou w jwenn plis enfòmasyon. W ap jwenn lis biwo nou yo sou [labor.ny.gov/workerprotection/laborstandards/workprot/lsdists.shtm](https://labor.ny.gov/workerprotection/laborstandards/workprot/lsdists.shtm).